ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№148 (23.806) • 2018 гъэм дыгъэгъаэзм (декабрым) и 6, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м хабзэр къызэгъэпэщынымкІэ зэпымыууэ лажьэ и Зэзыгъэу1у зэхуэсымрэ Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советымрэ я зэІущІэ екІуэкІащ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ К. В. дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ КъБР-м хабзэр къызэгъэпэщынымкІэ зэпымыууэ лажьэ и Зэзыгъэу1у зэхуэсымрэ Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советымрэ я зэІущІэ. Абы къыщыІэта Іуэху нэхъыщхьэр ди щІыналъэм и гъэугъэм къыщыхъу щІэщхъуэхэр гъэмэщІэным хуэунэтІауэ властымрэ управленэмрэ я къэрал органхэм, федеральнэ Іэнатіэхэм я щІыналъэ Іуэхущ1апІэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныр щ.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым КъБР-м и Іэтащхьэм и къэлэнэхэр пІалъэхІэ зыгъэзащІэм къыхигъэщхьэхукІащ республикэм и гъэугъэхэм щІэщхьэр гъэмэщІэным хуэунэтІауэ властымрэ управленэмрэ я къэрал органхэм, федеральнэ Іэнатіэхэм я щІыналъэ Іуэхущ1апІэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныр щ.

Іуэхущ1ащ, щІыху пщыкІуэным фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. ЩІэкІуэгъуэм и 5-м Бахъсэн кІалэм къыпэзыкІухь гъэугум зэуэ автомашиниущ щызэжьэхэуэри, щІыхуБзитІ хэкІуэдащ. Тхьэмахуищ дэкІауэ «Прохладнэ - Азау» федеральнэ автомобиль гъэугум аргуэру Къэбардей-Балъкъэрым и щІыхуу хы щыхэкІуэдащ.

КІуэкІуэ Казбек къигэлъэгъуащ республикэм и район щхьэхуэхэм щыІэ гъуэгухэм я инфраструктурэр зэрызэкІэлъымыкІуэр, автомобиль гъуэгухэр, абыхэм «Кавказ» федеральнэ гъуэгуми и Іыхьэ щхьэхуэхэри хиубыдэж, зэрызэвыр, жылагъуэхэм хиубыдэ гъуэгухэм жэщым уэздыгъэхэр зэрыщымыблэр, къалэ транспортымрэ маршрутхэм тет таксихэмрэ хъыжьэІуэу зэрыщІахухэм ириттхэуэсыхэхэр куэд зэрыхъур.

«Мыпхуэдэ щытыкІэр къызэдэнэкІын папщІэ мыхъумыщІагъэхэм я щхьэусыгъуэхэр кууэу зэпкърыхтыу зыхэуфащэ Іуэхуэхэр дыгъэзыгъуэхэм я щхьэусыгъуэхэр зэпкърыхтыу зыхэуфащэ Іуэхуэхэр дыгъэзыгъуэ хуункъым. Ауэ абыхэм къэкІуэн щІыпІэхэм, цІыхухэм зэхэщІыкІ нэс яхэмыльмэ, законым къигъэувэр ямыгъэащІэмэ. Абы къыхэкІыу гъуэгум транспортКІэ щызекІуэ дэтхэнэ зыми кууэ кІыгурыгъэІуапхъэщ ягъэува хабзэхэр зымыгъэащІэхэм фІэкІыпІэ имыІуэ тезыр зэрахьынур», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Гъуэгухэмрэ транспортымрэ я ялыщІа Іэнатіэхэм, Іуэхур зэгъэщІылІа адрей Іуэхущ1апІэхэм пщэрылъ щащІащ гъуэгум зэрыщыІэкІуэ хабзэхэр зэрагъэзащІэм зэрыкІэлъыплъыр ягъэткІиину, къэхъукъащІэхэм я щхьэусыгъуэхэр нэхъ куууэ зэхагъэкІыну икІи щІэщхьэр къэмыгъэхъуныкмкІэ щхьэуфащэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІыну. Абыхэм ялкъ иткІэ автотранспорт Іуэхущ1апІэу, организацэу ЦІыхуэхэр къешэкІыным пыщІахэр, гъуэгу зэпрыкІыпІэхэмрэ абыхэм хиубыдэ щІыпІэхэмрэ зезыхьэ Іэнатіэхэр дяпэкІэ нэхъ нэгъэсауэ къапщытэнущ.

Зытепсэльыхьа Іуэхуэхэм ятеуха доклад нэхъыщхьэхэр ящІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м инфраструктурэмрэ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Бэлэтокъуэ В. Хь., КъБР-м щы1э МВД-м ГИБДД-мкІэ и Управленэм и унафэщІ Баджыдэ Ю. М., КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарым и къуэдзэ Догучаев А. Ю., «Кавказ» автомобиль гъэугум и управленэ» федеральнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и къудамэу Налшык къалэм щы1эм и унафэщым и къуэдзэ Сэхэу Къ. А., Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз А. Хь. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къэлэнэхэр пІалъэхІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек.

КІуэкІуэ К. В. Доброволецым (волонтёрым) и махуэм теухуа и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

ГуфІэгъуэ махуэшхуэмкІэ - Доброволецым (волонтёрым) и махуэмкІэ си гуапэу сыныВохъуэхъу.

Волонтёр лжьыыгъэр цІыхур фІыуэ лъагъуным тещІыхьащ или абы зэкъуэгъуэв дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум фІы хуэзыльэжьыну, зи щІэныгъэр, зэфІэкІыр абыхэм яхуэзыгъэпсыну хущІэкъу, гу кьабзэ зиІэ цІыхухэр. Доброволецхэм я зэщІэхъееныгъэр гъэ къэс нэхъ лъэщ мэхъу, абы иригъэкІуэкІ Іэхуэхэм заубгъу. Республикэм и волонтерхэу зи нэхъыбапІэр школакІуэрэ студенту щытхэр нобэ жыдэжру социальнэ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ проектхэм хэтщ икІи абыхэм ятещІыхьа урысейпсо, дунейпсо Іуэхуэхэр къызэгъэпэщынымкІэ щІэгъэкъуэн мэхъу. ФІыщІэ ин фхузощІ апхуэдэ граждан жыдэжрагъым, ерыщагъым, Іуэхум пэжыгъэкІэ фызэрыбгъэдэтым папщІэ. Дэри дяпэкІэ тхузэфІэкІ псомкІи зыфщІэдгъэкъуэн доброволецхэм я лэжьыгъэм республикэм зыщегъэубгъуным и лъэныкъуэкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтёрхэм сохъуэхъу ди зэманым псори зыхуэныкъуэ икІи мыхъэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэм ехьулІэну, мамырыгъэ, фІыгъуэ ефІэкІуэныгъэ яІэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэхІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек.

КІуэкІуэ Казбек республикэм ис журтхэм я нэхъыжьхэм яхуозэ

КІуэкІуэ Казбек Налшык дэт синагогэм дыгъуасэ щыІащ икІи республикэм и журтхэм я нэхъыжьхэм яхуэзащ.

Синагогэм и пэш нэхъыщхьэр, махуэ къэс тхьэ щелъэІу, щэбэт тхьэлъэІуэхэр щрагъэкІуэкІ пэшхэр къыщызэхакІухьым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и раввин нэхъыщхьэ Шаваев Леви КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэхІэ зыгъэзащІэм хуиІуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым журт хьэлэ къызэрыщыкІуэ щыкІэр, щІалэгъуалэр гъэсэным, ди щІыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыхъумэным хуэгъэзэ егъэджэныгъэ, лъэпкъ-щэнхабзэ проектхэр гъэзэщІэным журтхэр зэрыхэтыр.

ЗэІущІэм щыжиІащ ди республикэм и цІыхухэм къадекІуэкІ дин нэхъыщхьэхэр зыІыгъхэр дяпэкІи тэмэму зэпыщІауэ икІи зэдэлажьэу зэрекІуэкІынум щэч къытепхъэ зэрымыхъунур. Къэбэрдей-Балъкъэрыр сытым дежи щапхъэщ дин зэмылІэужьыгъуэхэм итхэр зэгъунэгъуэфІу икІи пщІэрэ нэмысрэ яку дэлъу зэдэпсэунымкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Нэхущ Іэдэм и щІыхькІэ



ЩІэныгъэхэмкІэ Урысейпсо Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым дыгъуасэ щекІуэкІащ зи ныбжьыр илъэс 80 иритхуа КъБКъУ-м и профессор, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор Нэхущ Іэдэм и щІыхькІэ къызэрагъэпэща конференц.

АБы къриХьэлат КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лЫкІуэкІэр, КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэр, езы щІэныгъэлІым и гъэсэнхэр, Урысей Федерацэм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа хьэщІэ лъапІэхэр, щІэныгъэлІхэр.

ЗэІущІэр къызэІуихри, Нэхущ Іэдэм къикІуа гъуэгуанэ купщІафІэм, и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэфІхэм ятеуха доклад ищІащ Къэзахъстаным щІэныгъэхэмкІэ и лъэпкъ академием и академик, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Кальменов Тынысбэч. Математикэ щІэныгъэм и лъэныкъуэкІэ Нэхущым лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІихам, абы и лэжьыгъэхэр куэдрэ тегъэщІапІэ зэращІым, нэгъуэщІ куэдми тепсэлъыхьащ Кальменовыр.

КъыкІэлъыкІуэу, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор Псху Арсен щІэныгъэхэмкІэ Урысейпсо Академием и унафэкІэ Нэхущ Іэдэм къыхуагъэфаща РАН-м и Щ1ыхь тхьилъыр иритыжащ. Апхуэдэу ар зэІущІэм къыщеджащ КъБР-м цІыхухэр егъэджэныкмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министр Къумыкъу Іэуес и хъуэхъум.

Лъэпкъым и зыужьыныгъэм гурэ псэкІэ хьэлэлу хуэлажьэ егджагъэшхуэ Нэхущ Іэдэм и махуэмкІэ апхуэдэу ехьуэхъащ Алматы къикІа щІэныгъэлІ Ареповэ Гаухар, КъБКъУ-м и щІэныгъэлІхэр, езым и гъэсэну Урысей Федерацэм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылажьэ Іэщ1агъэлІ куэд.

Зэхуэсым къриХьэлІахэм абы и ужькІэ къудамэкІэ загуэшри, конференцым пащащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Нэхущ Іэдэм теухуа тхыгъэхэр 5-нэ нап. итщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дежь Къэрал наградэхэмкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дежь Къэрал наградэхэмкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным эритыж хуэдэу.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дежь Къэрал наградэхэмкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №145-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дежь Къэрал наградэхэмкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №146-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дежь Къэрал наградэхэмкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным и Указым и гуэдзэным эритыж хуэдэу.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дежь Къэрал наградэхэмкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм гъатхэпэм и 2-м къыдигъэкІа Указ №20-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэхІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м
№187-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ Управленэм теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м къыдигъэкІа Указ №163-УП-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ Управленэм теухуа Положениэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я ІуэхуэхэмкІэ Управленэм теухуа Положениэр къэщтэным хуэгъэзауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м къыдигъэкІа Указ №163-УП-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы пункт 2.1 дэщІыгъуэм мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«2.1. Езым и полномочиехэр гъэзэщІэным хиубыдэу Управленэм къызэрегъэпэщ зыхуэфащэ Іуэхуэхэм я лъэныкъуэкІэ товархэр щащэ рынокхэм лэжьыгъэкІэ щызэпеуэныныкІэ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ пхыгъэкІыныр.».

2. Мы Указым къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэхІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2018 гъэм дыгъэгъаэзм и 3-м
№189-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр электрокъарукІэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэныкІэ Штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 7-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр электрокъарукІэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэныкІэ Штабым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр электрокъарукІэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэныкІэ Штабым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 7-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Штабым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Къарэ М. А. - «Кавказ Ищхьэрэм энергиер щытезыгъашэ щІыналъэ зэхуаку компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и «Къэббалькъэнерго» къудамэм и унафэщІыр (Штабым и унафэщым и къуэдзэщ, зэгурыІуауэ)

Уэрзэей А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, таурифхэмкІэ, псэупІэм и Іэнатіэм щІэлъыплъымыкІэ и министрым и къуэдзэр;

б) Бэлагъы Б. Б. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и чэнджэщэгу пажэр»;

в) Штабым къыхэгъэкІыжын Калинкин О. Г.

2. Мы Указым къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэхІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м
№190-УГ

● «Урысей зэкъуэт»

ЦІыхухэм я гугъуехьхэр ящыгъэпсынщІэным теухуауэ

УФ-м и Премьер-министр, «Урысей зэкъуэт» партым и УнафэщІ Медведев Дмитрий пщэрылъ зыбжанэ ищІащ, щэкІуэгъуэм и 30-м партым и жылагъуэ екІуэлІапІэ нэхъыщхьэм еблэгъахэм зыкъызэрыхуагъэзэм ипкъ иткІэ.

АПХУЭДЭУ Озерск административнэ щІыналъэ зэгухьэныгъэ зэхуэщІам и клиникэ сымаджэщ №71-м и дохутыр нэхъыщхьэ Фомин Евгений Медведев Дмитрий елъэІуащ «Къуажэ дохутыр» программэм административнэ щІыналъэ зэгухьэныгъэ зэхуэщІахэри зэхуэфын хуэдэу абы зэрызрагъэубгъуну Іэмалхэм хэлъэну. Премьер-министрым и Іуэхур пщэрылъ ящищІащ УФ-м Узыншагъэр хьэмэныкІэ и министерствэмрэ Урысейм и федеральнэ медико-биологическэ Іуэхущ1апІэмрэ. «Къалэ цІыкІуэхэмрэ щІыналъэ зэхуэщІахэмрэ зыпэщІэт гугъуехьхэр зэщхьэщыкІыну сщІэркъым. Абы къыхэкІыу мы Іуэхум делэжьынущ», - жиІащ Премьер-министрым.

Москва къалэм щыпсэу бынунагъуэшхуэхэм я зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и лэжьыгъэр зыунэтІ, сабиилІым я анэ Палкинэ Светланэ Медведевым зыхуигъэзащ анэм ират ахьшІэ жиг кІада зэгухьэныгъэхэм хиубыдэ щІыхэм унэ щыгухэным къыщагъэсэбэп хъуэ я ящІыну елъэІуу. «Абы щхьэкІэ Хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн хуейщ», - жиІащ Премьер-министрым икІи партым хэтхэм пщэрылъ ящищІащ а Іуэхум теухуа жэрдэмыр ягъэхьэзырыну. Медведевым ар къыдаІыгъащ Москва къалэм и Іэтащхьэ, «Урысей зэкъуэтым» и Совет Нэхъыщхьэм и Бюром хэт Собянин Сергей, Москва областым и губернатор Воробьёв Андрей сымэ.

Партым и УнафэщІым диІыгъащ Забайкалье щыщ мэкъумэщыщІэ Бельжинимаев Чингиз къыхилъхьа Іуэхур. Ар теухуат Забайкалье щыналъэр «КъуэкІыпІэ Жыжьэм и гектар» программэм хагъэхьэным.

Краснодар краим и Динской районым и Васюринскэ къуажэм и Іэтащхьэм Медведевым зэрызыхуигъэзар теухуат къуажэхэм зэрызаужьыну лъэпкъ проектыщІэ ягъэбелджылыным. Премьер-министрым жиІащ мы зэманым апхуэдэ программэ къаралым зэрыщагъэзащІэр, ауэ къэкІуэну зэманым къуажэхэм я зыужьныгъэм хуэщхьэпэну Іэмалхэм нобэ щегъэжьауэ зэрегупсысыпхъэр. Медведевым дыщІигъащ федеральнэ, щІыналъэ ахъшэхэр зэгъэуІауэ къуажэ псэукІэр къалэм пэхъун хуэдэу къызэгъэпэщыным ІэмалыфІу къызэрилытэр.

«Урысей зэкъуэтым» и Генеральнэ Советым и секретарь Турчак Андрей жиІащ а Іуэхум зэрыщытепсэлъыхьыхыр. Медведевым дыщІигъащ федеральнэ, щІыналъэ ахъшэхэр зэгъэуІауэ къуажэ псэукІэр къалэм пэхъун хуэдэу къызэгъэпэщыным ІэмалыфІу къызэрилытэр.

«Урысей зэкъуэтым» и Генеральнэ Советым и секретарь Турчак Андрей жиІащ а Іуэхум зэрыщытепсэлъыхьыхыр. Медведевым дыщІигъащ федеральнэ, щІыналъэ ахъшэхэр зэгъэуІауэ къуажэ псэукІэр къалэм пэхъун хуэдэу къызэгъэпэщыным ІэмалыфІу къызэрилытэр.

«Урысей зэкъуэтым» и Генеральнэ Советым и секретарь Турчак Андрей жиІащ а Іуэхум зэрыщытепсэлъыхьыхыр. Медведевым дыщІигъащ федеральнэ, щІыналъэ ахъшэхэр зэгъэуІауэ къуажэ псэукІэр къалэм пэхъун хуэдэу къызэгъэпэщыным ІэмалыфІу къызэрилытэр.

«Урысей зэкъуэтым» и Генеральнэ Советым и секретарь Турчак Андрей жиІащ а Іуэхум зэрыщытепсэлъыхьыхыр. Медведевым дыщІигъащ федеральнэ, щІыналъэ ахъшэхэр зэгъэуІауэ къуажэ псэукІэр къалэм пэхъун хуэдэу къызэгъэпэщыным ІэмалыфІу къызэрилытэр.

«Урысей зэкъуэтым» и Генеральнэ Советым и секретарь Турчак Андрей жиІащ а Іуэхум зэрыщытепсэлъыхьыхыр. Медведевым дыщІигъащ федеральнэ, щІыналъэ ахъшэхэр зэгъэуІауэ къуажэ псэукІэр къалэм пэхъун хуэдэу къызэгъэпэщыным ІэмалыфІу къызэрилытэр.

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Урысей аэропортхэм цІыхушхуэхэм я цІэхэр фІащ

Къэралым ис цІыхубэм Интернет Іэмалкіэ драгъэкІуэкІа Іэіэтым ипкъ иткІэ, аэропорт пІлыщым щІигъум Урысейм и тхыдэм фІыкІэ къыхэна цІыхушхуэхэм я цІэхэр хуагъэфащащ. ЩэкІуэгъуэм екІуэкІа Іэіэтыр зэрирухар вэсэмахуэ хэІущІыІу ящІащ. Абы ипкъ иткІэ, Мэзкуу дэт «Шереметьево» аэропортым усакІуэ Пушкин Александр и цІэр зэрихьэнущ дяпэкІэ. «Домодедово»-м - щІэныгъэлІ Ломоносов Михаил и цІэр.

ПЁТР ЕЗАНЭМ и цІэр хуагъэфащащ Воронеж къалэм и аэропортым, Краснодар (БжьэдыгъукъалэІ) къхъухьлъатэ тедзапІэм хьылъысар урыс пащтыхьыгъуэр зыІещІэлъа Екатеринэ ЕтІуанэм и цІэрщ. Мурманск къалэм пащтыхь Николай ЕтІуанэр «щытекІуащ». Тэтэрстаным и щІыхьэр Къэзан и аэропортым тэтэр усакІуэ Тукай Абдулла и цІэр зэрихьэнущ дяпэкІэ; Башкиреи и къалащхьэ Уфа - башкир усакІуэ Карим Мустай и цІэр. Симферополь къалэм и аэропортым - сурэтыщІ Айвазовский Иван и цІэр, Магаданым - артист, узэрэджыІакІуэ Высоцкий Владимир и цІэр фІащащ.

ЩІыпІэ щхьэхуэхэм Іэіэтыр иджыри дыгъэгъаэзм и 10-м щегъэжьауэ 21-м нэс щекІуэкІынущ. Санкт-Петербургэ «щІэзэпоуэ» тхакІуэ Достоевский Фёдор, композитор Шостакович Дмитрий, пщы Невский Александр сымэ я цІэхэр.

Дэ нэхъ тпэгъунэгъу аэропортхэм я гугъу тщІымэ, Ставрополь къухьлъатэ тедзапІэм урыс дзэзешэ Суворов Александр и цІэр зэрихьэнущ, Сочэ къалэм - космонавт Севастьянов Виталий ейр. Минводхэм я аэропортым зи цІэ фащащу къагъэлъэгъуащ щыта Ермолов Алексей, Солженицын Александр, Лермонтов Михаил сымэ ящыщу нэхъыбэм Іэ щІаІэтар Лермонтовым и цІэрщ.

Іэіэт зэпеуэм адыгэ цІыхубэри хэтащ. Ахэр хущІэкъуат Сочэ къалэм ейм юрист, цІыхубэ лэжьакІуэ Къалмыкъ Юрий и цІэр фІрагъэщыным, ауэ икІэм-икІэжьым текІуар нэгъуэщІщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.



«Адыгэ псалъэ» - адыгэ унагъуэ псоми!

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадзэм и 1-м щІидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыкІынэу газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр. ДызэригъэзэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ПщэщІэгъуэн куэд къивгъэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуэзджэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеуха тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытебдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Іуэхущ1апІэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кІэпІейкІэ 78-рэ хъуэу аращ.

Ди индексыр 51531

НОБЭ

♦Финляндие Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1917 гъэм унафэ къащтащ ар Урысейм и унафэм зэрыщІэмытыжьым теухуауэ.

♦Испанием и конституцэм и махуэщ

♦1240 гъэм, къаувыхьауэ зэман кІыхькІэ щыта нэужь, монгол-тэтэрыдзэхэр Киев къалэм дыхьащ.

♦1492 гъэм Колумб Христофор Гаити хьІІыгур зэрыщыІэр къихутащ.

♦1741 гъэм Урысей къэралыгъуэм зэрыхьэзэрий къыщыхъуу икІи дзэхэр и телъхьэ къищІри, пащтыхьыгъуэр иубыдащ Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ.

♦1768 гъэм Британие щІэнгъуэзэм и япэ къыдэкІыгъуэр Шотландием и къалащхьэ Эдинбург дунейм къыщытехьащ.

♦1774 гъэм цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтын Іэнатіэр дунейм щыяпэу къэралым и щІэнэм щІигъэщащ Австриием.

♦Гу дохутыр, хирург цІэрыІуэ, академик, тхакІуэ **Амосов Николай** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, СССР-м и цІыхубэ артист **Наумов Владимир** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Балъкъэр щІэныгъэлІ, философие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-мрэ Къалмыкъымрэ щІэныгъэмкІэ щыхъ зиІэ я лэжьакІуэ **Эфендиев Сэлихь** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыхь зиІэ и артист, Алтай крайм и губернатору щыта **Евдокимов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр цІэрыІуэ, «Кинотавр», «Ника» саугъэтхэр зыхуагъэфащэ **Балуев Александр** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей тележурналист, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэм и медальр зыхуагъэфащэ **Агалаковэ Жанна** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр мазэм градуси 7 - 9, жэщым градус 1 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬ
Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Пхъурылъхур пкІэм думыгъэплъей.

Багъ ФатIимэт Берд и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кIулыкIуми гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. **Багъ ФатIимэт Берд и пхъур** Налшык суд районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кIулыкъум илъэсипщI пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кIару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м
№960-П-П

Занкишиевэ Алевтинэ Чэмал и пхъур Шэрэдж суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кIулыкIуми гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. **Занкишиевэ Алевтинэ Чэмал и пхъур** Шэрэдж суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кIулыкIуми илъэсипщI пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кIару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м
№961-П-П

Кижаевэ Маринэ Вильгельм и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №11-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кIулыкIуми гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. **Кижаевэ Маринэ Вильгельм и пхъур** Налшык суд районым и суд участкэ №11-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кIулыкIуми илъэсипщI пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кIару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м
№962-П-П

Хьэпащ I э Вячеслав Владимир и къуэр Бахъсэн суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кIулыкIуми гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. **Хьэпащ I э Вячеслав Владимир и къуэр** Бахъсэн суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кIулыкIуми илъэсипщI пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кIару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м
№963-П-П

● Ди нэхъыжьыфIхэр

IуэхугъуэфI куэдкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ купщIафIэ

Аруан щыналъэм хыхьэ къуажэ нэхъ дахэхэм ящыщщ иубыд щыпIэр псынащхьэ къабзэхэмкIэ къулей. «Псынабэ» цIэ дахэмкIэ зэдджэ жылэ Iумахуэр. Иджыблагъэ абы игъэлъапIащ жылэ щхьэхуэу зэрыт 3зрыпщIэщи. тхьидэр къэзыгъэщIыр цIыхуэхращ. Псынабэри къулейщ щалъхуа я щIыпIэм и зэIуэпэщыныгъэм, екъуIэныгъэм я акъылрэ щIэныгъэрэ, гуащIэрэ зэфIэкIрэ езыхьэлIэхэмкIэ. Апхуэдэщ къуажэм и нэхъыжьыфIхэм ящыщ, зи гупсысэхэри IуэхущафIэхэри псынабэдэсхэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным, абыхэм къащIэхьуэ щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджыным хуэгъэпсауэ зи илъэсхэр езыхьэкIэ, жылагъуэ лэжьакIуэжыджэрикIи емызэщ Тевэв Алексей Щэрэлыкъуэ и къуэр.

АЛЕКСЕЙ къыщыхъуар пщIэрэ нэмысрэ, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зэрыльэ адыгэ унагъуэ щыпкъэщ. Тевэв зэщхьэгъусэхэу Щэрэлыкъуэрэ Мысырхьанрэ (ар Бжэлмыххэ япхъут) биних зэдагъуэтащ: Бабуэ, Умборид, Хьэпагуэ, Алексей, Мурадин, Риммэ сымэ. Адэ-анэм яхуэзфIэкIащ абыхэм ящыщ дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщхьэ, зэрыпсэун Iэщ I агъэ ирагъэгъуэтын, нэхъыщхьэраци, цIыху пэжу, лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэ яхэлIу къагъэтэджын. Быным я щагъэхъэт къуажадэсхэм пщIэрэ щIыхьрэ зыхуащIу псэуа Щэрэлыкъуэ. Аращ жылэщIэу 1928 гъэм тIыса Псынабэм япэу кIыщыщIэрагъэпэща мэкъумэшыщIэ советым и тхьэмадэу хахауэ щытар. Дзыхь кIыхуащI дэтхэнэ Iэнатlэри езыгъэфIакIуэ Щэрэлыкъуэ иужькIэ партым и райкомым ираджащ икIи Хэку зэуэшхуэм ипэкIэ абы щыlэлжьащ къудамэм и унафэщIу.

Быным я епIланэ Алексей, и адэм хуэдэу, жыджэру, ахъшылифIэу къэхъуащ. Къуажэм дэт школым фIы дыдэу зэрыщIеджэм къыдэкIуэу, еджапIэм щекIуэкI сыт хуэдэ жылагъуэ Iуэхуми щыпашэу щытащ. Куэдым хунэсырт Алексей. Ар пионер зэгухэзныгъэм и пашэт, классым и старостэт, еджакIуэхэм я комитетым хэтт, художественнэ самодеятельностми щыжыдэрт. Арат хозяйствэ зыгъэпсэхуГъуэм школым къыщызэрагъэпэщ ныбжьыщIэ производствэ бригадэми и пашэр.

Жылэм дэт илъэсибл школыр екъуIэныгъэкIэ къыуха нэужь, адэкIэ еджэным и нэ къыхуикIми, Алексей лэжьыгъэ Iэнатlэм щыпэрыуващ я жылэм щызэхэт хозяйствэм. Абы зэрыжиIэжымкIэ, трактористым и дэIэпыкъуэгъу ныбжьыщIэр и пщэрылъ къалэнхэм хагъэгъуэзат лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэхэу Тхьэзэплъ Сулътlан, Къэжар Iэмин, Гъэупплащ Андзор, Тевэв Хьэбийи, Хьэбыгlэжь Мухьамэд сымэ. Лэжьыгъэм хъыпимыкIуэт щIалъэ жыIэщIэр Старэ Щэрэдж дэт мэкъумэш училищэм 1958 гъэм еджапIэ ягъэкIуауэ щытащ, колхозым и правленэм и жэрдэмкIэ. Ар екъуIэныгъэкIэ къыхури, тракторист Iэщ I агъэ иIэу Алексей хозяйствэм Iэнатlэ щыпэрыувэжащ, зэрылажьэм хуэдэу ри къихащ Къэхъун дэт курыт школым и пщыхьэщхьэрыеджэ къудамэр. КъыкIэлъыкIуэу щIалэщIэм зригъэгъуэтащ киномеханик Iэщ I агъэр, икIи Аруан районым щэнхабзэмкIэ и къудамэм киномеханикыу лэжьэн щыщIидзащ.

ЩIэныгъэм хэзнэхъуеиншэ щIалэщIэм абы епха и гугъапIэхэр нахуапIэ ищIащ. 1960 - 1965 гъэхэм Алексей щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щIыныкIэ и къудамэм икIи щалъхуа жылэм кIыгъэзэжащ инженер-механик Iэщ I агъэр иIэу. Куэд дэмыкIыу Тевэвр дзэм ираджащ. Абдежми щапхъэ игъэпагъуэу Хэкум къулыкъу хуиущащ адыгэ щIалэм. Абы щытхъу иIэу къиухащ Пермь облас-тым щыlэ дзэ частым къепхуэу, офицерхэр щагъэхьэзыру щыlа курсхэр.

Дзэм къулыкъур ныкъусаныгъэншэу езыхьэкIыу къэзыгъэзэжа щIалэщIэр Аруан районым и гъэзэщIапIэкIэ комитетым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и управленэм «Псыкуэд» совхозым инженер нэхъыщхьэу игъэкIуащ. Жыджэру, жэуаплыныгъэр зыхищIэу лэжьэн езыгъэжьа Iэщ I агъэлIым районым уафэщIкэм гу къыльамытэу къэнакъым: куэд дэмыкIыу Алексей управленэм къашэжащ, инженер-инспектор къулыкъури «Госсельтехнадзор» инспекцэм къыщыхуагъэфэщащ.

1969 гъэм и гъатхэпэ мазэр Алексей и гум Iэфlу кьинащ - щалъхуа жылэжьым къыщыззрагъэпэща совхозыщIэм ар инженер нэхъыщхьэу ягъэкIужащ. Хэлъэт зиIэ Iэщ I агъэлIым бгъэдэлъ зэфIэкIыр нэхъри haIуэ къэхъуащ ар «Мэкъумэштехникэ» зэгухэзныгъэм Аруан щыналъэм щIэ управленэм и унафэщIым сату IуэхухэмкIэ и къуэдзэу щыщылэжьа ильэсхэми.

НэгъуэщI Iэнатlэ куэди дзыхь кьыхуащIащ Тевэв Алексей. Партым и Аруан комитетым и чэнджэщкIэ 1985 гъэм Алексей ягъэуващ Нарткъалэ и нефтебазэм и унафэщIу. Жыпlэнурамэ, сыт хуэдэ къулыкъ кьыхуамыгъэфащамэ, сыт хуэдэ къалэнхэр пщэрылъ кьыщамыщIми, Тевэвм Iуэхур зэфIихырт, и зэмани къаруи емыблэжу, дзыхь кьыхуащIа Iэнатlэр пашэхэм харигъэльэтэу. 1985 - 1987 гъэхэм ар, зэрылажьэм хуэдэурэ, щеджащ Москва дэт ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ технологие институтым и аспирантурэм. А илъэсхэм иригъэкIыжа щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр Алексей щызэхуихьэсыжащ «Машинэм и гидравликэ системэр къыззрапщIэ Iэмалхэр» зыфIища лэжьыгъэ купщIафIэм. Абы гулъытэшхуэ щигъэтащ ц1ыгъуэ я унэтIыныгъэм ирилажьэ Iэщ I агъэлIхэм я дежи икIи СССР-м КъэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым абы папщIэ автор тхылъ къиратащ.

Щеджэми щылажьэми Тевэвр сыт щыгъуи жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтащ. Ар я пашэт парт, профсоюз зэгухэзныгъэхэм, аттестацэ комиссэхэм хагъэхьэрт. Дэни и Iуэху елтыкIэр щыжиIэфу, ар пхигъэкIыфу, екъуIэгъэпщащкIуэ Iэкlуэлъакlуэу зыкъыщIэгъэльэгъуащ. Къапщтэмэ, Нарткъалэ и нефтебазэм и унафэщIу щыщытам щыгъуэ, Тевэвр епIыгъэкъым фотэ 27-уз зэхэт унэ зэIуэпэщ и лэжьакIуэхэм папщIэ яхуригъэщIыхукIэ.

ЗэфIиха апхуэдэ лэжьыгъэфIхэм къапэкIуэу Тевэв Алексей куэдрэ ягъэпэжащ. Абы къаратащ «За трудовое отличие», «За доблестный труд», «Ветеран труда» медалхэр, къыхуагъэфэщащ парт, комсомол, къэрал, жылагъуэ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм, РСФСР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къабгъэдэкI щытхъу щIыхь, фIыщIэ тхьылъэр, саугъэт лъапIэхэр.

Цыхухэм яхуэщхьэпэн апхуэдэ Iуэхуфl куэд зэфIихащ ноби зэфIегъэкI Тевэвм. Къапщтэмэ, Псынабэ дэс ветеранхэм я Советым и тхьэмадэу щыхахам, пкигъэкIащ я къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ ягъэувыныр. Алексейщ зи фIыгъэр, къапщтэмэ, Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэу партизанхэм яхэту бийм ялэщIэуа, зи хьыбар лъэпкъ абы лъандэрэ ямыщIэ я къуажэгъу Хьэбытlэжь Борис Исхьэкъ и къуэм и цIэр жылэм хэIуцIыIу зэрыщIэхьужар. Тевэвм ирилэкIуэгъэкIа къэльхьуэныгъэхэм наIуэ къызэращIамкIэ, Хьэбытlэжьым и цIэр тетщ Чикола къалэм дэт фэеплъым. Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ хахуэм и цIэр иджы тетщ къуажэ школым и пщIантlэм щагъэувэ фэеплъым.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ дэтахьым ди жылэм 2015 гъэм ипэкIэ. А Iуэхугъуэр хуабжьу сигу кьеуэрти, жылэм дзэ ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ сыщыхьум, мурад сщIащ яужь сихьну, - жеIэ Тевэвм. - Тхьэм и фIыщIэкIэ, нобэ ди къуажэм дэтщ апхуэдэ фэеплъ. А Iуэху щхьэпэм епха си жэрдэмыр кьэзадэIыгъащ Аруан район администрацэм и Iэтащхьэ Кэушей Азэмэт, абы и чэнджэщагъэ Бозий Руслан, и къуэдзэ Бецыкlу Къэралбий сымэ. Фееплъыр ухуэным щIыпIэ бюджетым и мылькум щыщи хухахащ. Апхуэдэу дэIэпыкъуэгъуэуэ хъуащ щIыналъэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Джэдгъэф Мухьэрбий, ди къуажэ администрацэм и Iэтащхьэхэу Дыщэкl Тимуррэ Хьэкъун Рустамрэ, «Аруан ПМК»-м и унафэщI Балъкъэр Вадим сымэ. Iуэху хадзэр зэфIэха хуэным мылъку къыхилъхьащ ди къуажэгъу хьэрычэтыщIэ щIалэ Хьэкъун Тимур. А псоми я гущIэ ирахьэлIэри, фэеплъыр школ пщIантlэм къыщызэIутхащ Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъу махуэшхуэм ирихьэлIэу.

Къуажэдэсхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ 2016 гъэм и накьыгъэм Щэнхабзэмкlэ унэм и пщIантlэм «Абыхэм я цIэр къуажэ тхьидэм къыхэнащ» фэеплъ стелэхэр къызэрызэIуахам. А Iуэхуми лэжьыгъэшхуэ хилъхьащ Тевэвм. Жылэм и администрацэм и Iэтащхьэ Хьэкъун Рустам и чэнджэщыжь тету, Алексей зэхуихьэсыжащ Псынабэм и зэфIэувэныгъэм зи къаурэр зэфIэкIрэ езыхьэлIэхэм ятеуха хьыбархэр. Абыхэм я цIэ-унэцIэхэр тратащащ а стелэхэм.

Иджыпсту Тевэв Алексей щIыпIэ администрацэм кьепхауэ лажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэщи, къуажэм и зэIуэзэпэщыныгъэм епха сыт хуэдэ IуэхугъуэкIи чэнджэщэгъуфIщ, унэтlакIуэ Iэзэщ, жылагъуэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэлъакlуэщ. Апхуэдэу Алексей иджыблагъэ зэхуихьэсыжащ икIи хэIущIыIу ищIащ Хэку зауэшхуэм и зэманым Псынабэ и уэгум щекIуэкIауэ щыта зауэм къыщрауфыха совет къхъухьлатэм теуха хьыбархэр. Къуажэм къыдэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэныгъэкIэ ахэри хуабжьу лэжьыгъэ щхьэпэщ.

Алексей и щIыбагъ къыдэтщ уэрыгушхуэ хъуну унагъуэ дахи. Абы и щхьэгъусэ Тевэв (Хужьокуэ) Любэ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и отличникщ. Ар илъэс 47-рэ хъуауэ хьэлэлу пэрытщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм. Алексейрэ Любэрэ щIалитI яIэщ: Аслъэнрэ Iэщэмрэ. Ахэр зэщхьэгъусэхэм ягъэсащ лъэпкъ хабзэм къыгъэуэ мардэхэм тету, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, Iэщ I агъэ ирагъэуэтащ, унагъуэу ягъэтIысыжащ, гъащIэм гъэзгу пэж щытрагъэуващ. Аслъэн медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, БКБКУ-м и медицинэ факультетым и егъэджакIуэ, хабгъуэ лъэгэ зиIэ дохутырщ. Iэдэм и Iэщ I агъэкIэ экономистщ. Ар и бухгалтер нэхъыщхьэщ Прохладнэ дэт чырбыш заводым. Тевэвэ пхъу пэлъытэ яхуэхъуащ я ныситIри. Залини (ар Къэлыбатэхэ япхъущ) Рузанни (ар Пщыкlхэ ящыщщ) унагъуэ дахэхэм къахэкIащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, Iэщ I агъэфI яIэщ. Нэхъыжьхэр щIыщIэркъым я бынхэм, я нысэ гумащIэхэм, къуэрылъхуахэм я пщIэрэ гулъытэрэ. Ахэр ягъэгуфIэ къащIэува щIэблэм я екъулIэныгъэхэм, гъащIэм и Iэфlыр иджыри зэ зыхрагъащIэу, дунейр нэхъри щIэщIагъуэ къыщащIу.

Апхуэдэхэращ цIыху насыпыфIкIэ зэдджэр!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэм хэщIыныгъэ хэлъэ игъэуэтащ.

И ныбжьыр илъэс 76-нэм ити дунейм екьжащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэзыгъэхьэ комиссэм щыщ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэщ, гуапагъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыху Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэр.

УсакIуэм и щIалэгъуэр ирихьэлIащ «физикхэм-рэ» «лирикхэмрэ» я зэпеуэгъуэ лъэхъэнэм. Тхьэзэплъ Хьэсэн абыхэм ящыщ дэтхэнэ лъэныкъуэкIи тэмэмэ хуэзэгъэнут, сыту жыIэмэ сугъэкIуэм и зэфIэкIым къыдэкIуэу техническэ творчествэмэ хуэIэзэт. Абы и щIыхьэтщ урысейпсо, дуней псо мыхьэнэ зиIэ къэхутакIуэныгъэхэр зэрилэжьа къыхуагъэфэща патент-хэр.

Усэхэр Хьэсэн ихъуу щIидзащ армэм щыщIыIа зэманым. Зэхуэдэу абы усэхэр адыгэбзэкIи урысбзэкIи къэхъуIэрт.

Тхьэзэплъ Хьэсэн Iэщ I агъэу тIу зригъэгъуэтащ - КъБКУ-м мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щIынымкIэ и факультетым инженер-механик Iэщ I агъэм щыхуеджащ, иужькIэ, КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ КIыщокъуэ Алим и чэнджэщкIэ къыуихьащ Горький А. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр.

«Ещанэ сменэ» зыфIища и ялэ усэ тхьылъыр 1971 гъэм къыдигъэкIащ. Тхылъым I э зэнщIэу пщIащхьэ игъуэтащ икIи ар зи Iэдакъэщ I экIуэ щIалэр СССР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ. Еджэн ихуэу къигъэзэжа нэужь Тхьэзэплъ Хьэсэн КПСС-м и Урысей Федерацэм и комым пропагандэмкIэ и къудамэм и инструктору щытащ.

1976 гъэм ар КъБАССР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм художественнэ литературэр хэзыщIыну щIынымкIэ и бюром и унафащ хъуащ. 1994 гъэм республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и адыгэ гупым и тхьэмадэу хахащ икIи а къыкIыр 1998 гъэм нэсыху иныгъащ.

2000 гъэм щыщIидзауэ Тхьэзэплъ Хьэсэн «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. Абы и унафэм щIэту журналым зиужьащ, и зэхэлъыкIэри и теплъэри нэрылъагъуу ефIэкIуащ. Литературэмрэ гъуэзджэмрэ къадэкIуэу, абы Iэкlуэлъакlуэу къыщалэту хуежьащ жылагъуэ-политикэ Iуэхухэри. Мы зэманым абы къытохуэ жанр зэмылIэужьыгъуэхэм хиубыда тхыгъэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъащIэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэм ятеуухауэ.

Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэм УФ-м щэнхабзэмкIэ щыщIэ зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр къыфIащащ, «Чэруанакlуэм и гъуэгуанэ» усэ тхылъым папщIэ 2017 гъэм Урысейм и Литературэ саугъэт иныр къратащ. Псори зэхэту абы тхылъ 30-м щIигъу къыдигъэкIащ.

Тхакlуэм и гъащIэр абы и творчествэм, и Iэдакъэм къыщIэкIа тхылъхэм щыхэнащ икIи ар куэдрэ мыкIуэдыжыну, Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэр дэ тщымыгъупщэу дигу илъынщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ
«КъБР-Медиа» къэрал кIэзоиэ Iуэхущ I апIэ
КъБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэ
КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзоиэ Iуэхущ I апIэм, КъБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «КъБР-инфо» хьыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» жэуап зэхэгъэщIэхэхэр зэгухьэныгъэм я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхьащ **Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэр** зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ яхуогузавэ.

КъБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэныкъэ гъэпкIэ Iуэхухэмкlэ и министерствэм, УФ-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм, Щэнхабзэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым, УФ-м и адыгэхэм я пэпкъ-щэнхабзэ автономием, АР-м, КъШР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтхэм я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхьащ, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЩIДАА-м и академик, УФ-м и МВД-м Налшык къалэм щIэ къудамэм и Жылагъуэ советым и унафэщI, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэр** зэуэзэпсэу дунейм зэрехьжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Темыркъан Юрий и илъэс

Темыркъан Юрий США-м щыщ Калифорние штатым щохьэщIэ. Анахьаи къалэм щыпсэу адыгэхэр я лъэпкъэгъу цIэрыIуэм гуапэу къыIущIащ.

Темыркъаныр кьыбгъэдэсщ Калифорниемрэ щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Шогуэ Самир.

1990 гъэ.

Къалэр ягъэдахэ

«Иджырей къалэ кIуэцI» щIыналъэ проектым ипкъ иту Прохладнэ къалэм и Ремзавод хьэблэр зэIуэпэщ ящIащ.

МЫ ХЬЭБЛЭМ хъыщахьэлIа лэжьыгъэр къапщтащ щIыпIэ самоуправлением и Советым и депутатхэм, къалэ администрацэм, УЖКХ-м я лэжьакIуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм. ЗэманкIэ дыззIэбэкIыжмэ, цIыхуэр щIэтхъэусыхэу щыта лъэс зекIуэнIэм асфальт тралъхьэри, бетон къэухьэри ягъэувыжащ, лъагъуэм хуэзэ дэкIуеиплэхэм плиткэ екIуэр ираплъхьащ, уэздыгъэхэмкIэ къагъэзэжкъащ, тетIысхьэпIэхэр ягъэуващ, гуегъу емыкьын хуэдэу, дэкIуеиплэхэм хуащIащ убыдыпIэхэри.

КъэпщытакIуэхэмрэ хьэблэм щыпсэухэмрэ зэгурыIуащ дапэкIэ къабзагъэм зэгуэсу кIэлъыплъынэу. Абыхэм къапэщылъ лъэс лъагъуэм ибгъуэхэм удз гъэгъахэр щыхасэну, Iэгуэблагъэм щыlэ кумбIэмбхэр ягъэсеину. А Iуэхухэмкlэ къадэIэпыкъунущ ЖКХ-м и лэжьакIуэхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Шэджэм щIыналъэм и курыт еджапIэхэм спорт Iуэхущ I апIэхэр щызэрагъэпэщыж.

● Шэджэм щIыналъэ

ЩIэблэм папщIэ

КъУАЖЭ школакIуэхэм я Iэпкъльэпкъыр псыхьыным теухуауэ къащта къалэнхэм я пкъ иту, Лашынкъей къуажэм дэт курыт еджапIэ №91, №92-хэм, Шэджэм Ипщэм дэт СШ-м я спорт пэшхэр зыхуей хуагъэзащ, бжэщхьэгъубжэхэр, унащхьэр яхъуэжащ. Къащхуащ спорт Iэмэпсымэхэри. Мы еджапIэхэм нумрэ теухуауэ мы зэманым къыщынэху Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэм, химие пкъыгъуэхэм, щыгъэпшэрхэм, гъавэми къэзэкIхэми зэхуэдэу зэрэ яхуэхъу хьэпщхупщхэм уаззрыпэщIэтыну Iэмалхэм. ЗэлуцIэм къыщыхалъхьащ мэкъумэш Iэнатlэ пэрытхэм интернет Iэмалхэр кууэ къагъэсэбэпын зэрыхуейр. ЩIэнэгъэлIхэр мэкъумэшыщIэхэм зэрадэIэпыкъуэфыну Iуэхухэр ягъэбелджылащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

МэкъумэшыщIэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ зочэнджэщ

● АПК

Къуэкlуэ Валерий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым зэIущIэ щекIуэкIащ хьэрычэтыщIэ Iуэху мыиным ди жылагъуэхэм зыщегъэужьыным теухуауэ.

КУЭДЫР зэрыщыгъуазэщи, нобэ ди къуажэдэсхэм фейдэ хэхьапIэ нэхъыщхьэу яIэр щыIущ. Хэти мэкъумэш ещIэ, хэти хадзэкI, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм нэхъ тезыгъащIэхэри ма-щIэкъым. Дауэ мыхъуми, апхуэдэ Iуэху къезыхьэжьхэхэм ди щIэныгъэлIхэр куэдрэ яIэ зэрыщIэбгъэлъэдэнумрэ теухуауэ мы зэманым къыщынэху Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэм, химие пкъыгъуэхэм, щыгъэпшэрхэм, гъавэми къэзэкIхэми зэхуэдэу зэрэ яхуэхъу хьэпщхупщхэм уаззрыпэщIэтыну Iэмалхэм. ЗэлуцIэм къыщыхалъхьащ Iэнатlэ пэрытхэм интернет Iэмалхэр кууэ къагъэсэбэпын зэрыхуейр. ЩIэнэгъэлIхэр мэкъумэшыщIэхэм зэрадэIэпыкъуэфынуращ Iуэхухэр ягъэбелджылащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Щ1эныгъэл1 щ1ыпкъэ Нэхущ 1эдэм и ныбжьыр илъэс 80 урокъу

Адыгэм папщ1э псэу хэкул1 тельыджэ

Физико-математикэ щ1эныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, Урысейм естественнэ щ1эныгъэхэмк1э и академием, Щ1эныгъэмрэ Гъэсныгъэмк1э Петровскэ академием я действительнэ член, Щ1эныгъэхэмк1э, Технологиемрэ 1эщ1агъэ кърагъ-джэныгъэмк1э Испан академием щ1ыхь зи1э и академик, Щ1эныгъэхэмк1э Абхъаз академием щ1ыхь зи1э и член, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щ1эныгъэмк1э щ1ыхь зи1э я л1ажьак1э Нэхущ 1эдэм и 1эдакъэщ1эк1эмк1э ди республикэм. Урысейм я мызакъуэу, щ1ыналъэ, къэрал куэдым къыщац1ыхуащ.

Щ1ДААР-м и зэхуэс ирегъэк1уэк1.

1эдэмрэ абы ипхъу Викториерэ.

1938 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м Зеикъуэ (Хьэт1охъущ-къуей Ипщэ) адыгэ къуажэм къыщац1ахуащ ар. Къуажэм дэт курыт школ нэужьым абы едж эным щыпищащ КъБКъУ-м и физико-математикэ къудамэм. Ар 1961 гъэм 1эдэм диплом плъыжьк1э к1ыухащ и к1ы и жьл эм дэт курыт школым математикэр иригъэджу уваш. И щ1эныгъэмрэ 1эщ1агъэмрэ хигъахъуэ зэпыту кьекIуэк1ащ Нэхущым. Л1эщ1ыгъэ блэкIам и 60 гъэхэм я гъэщ1адзэм абы и щ1эныгъэм щ1ыхигъэхъуащ СССР-м Щ1эныгъэхэмк1э и Академием Сыбрым щи1э къудамэм Математикэмк1э и институтым и аспирантурэм. Кандидат диссертацэр екъул1эныгъэк1э пхигъэк1а нэужь, академик Лаврентьев Михаил Новосибирск 1966 гъэм иригъэблагъэри, Математикэмк1э институтым щ1эныгъэ л1ажьак1э нэхъыжьу яг1ъуващ. 1971 гъэм Нэхущым утыку ирихьащ щ1ытхъушхуэ зыхужа1а и доктор диссертацэр.

Зэф1эк1 абрагъуэ зыбгъэдэлъ щ1ыхущ Нэхущ 1эдэм. Гъынэ зимыл1э и щ1эныгъэр и л1ажьак1э Нэхущ 1эдэм Мэрем и къуэм. Зеикъуэ курыт школым ещ1ыгъэ ещ1ыгъэ-хьэхэр. Нэхущым я щ1эныгъэ унафэщ1у щ1ыхущ 50-м щ1игъум яг1ъхьэзыращ и к1и екъул1эныгъэк1э пхагъэк1ащ кандидат, доктор диссертацэхэр.

